**Ájiniyaz atındaǵı NMPI 2025 jıl 1 sherek ushın 13.00.06 – Elektron tálim teoriyası hám metodikası (tarawlar boyınsha) qánigeligi boyınsha óz betinshe izleniwshilikke qabıllaw komissiyası májilisiniń**

**№ 6 PROTOKOLÍ**

**Nókis qalası** **26-noyabr 2024-jıl**

***Qatnasqanlar***: *NMPI Ilimiy isler hám innovaciyalar boyınsha prorektor R.Eshmuratov; komissiya baslıǵı, p.i.f.d.,doc J.Ótepbergenov; komissiya aǵzası e.i.k.,doc A.Abdullaev; xatker p.i.f.d. (PhD) A.Qunnazarov hám talaban Tolıbaeva Gulchexra.*

**Kun tártibinde:**

1. Nókis mámleketlik pedagogika institutına 2025-jılı 1 sherek ushın 13.00.06 – Elektron tálim teoriyası hám metodikası (tarawlar boyınsha) qánigeligi boyınsha óz betinshe izleniwshilikke óz hújjetleren tapsırǵan talabanlardı óz betinshe izleniwshilikke qabıllaw ushın sáwbet.

**Bildiriw:** NMPI Ilimiy isler hám innovaciyalar boyınsha prorektor R.Eshmuratov, 2025-jılı 1 sherek ushın 13.00.06 – Elektron tálim teoriyası hám metodikası (tarawlar boyınsha) qánigeligi boyınsha óz betinshe izleniwshilikke hujjetleren tapsırǵan talaban Tolibaeva Gulchexra Nzamatdinovna menen "Sáwbet" tiykarında tańlaw ótkeriliwi atap ótildi. Bul boyınsha tańlawǵa bekitilgen komissiya quramı aǵzalarınan: komissiya baslıǵı, p.i.f.d.,doc J.Ótepbergenov; komissiya aǵzası e.i.k.,doc A.Abdullaev; xatker p.i.f.d. (PhD) A.Qunnazarov tańlawda qatnasıp atırǵanlıǵın málim etti. Komissiya aǵzalarına doretiwshilik qabiliyetine iye, ilimli hám ılayıqlı talabandı tańlap alatuǵınlıǵına isenim bildirdi.

**Shıǵıp sóyledi:** Komissiya baslıǵı, p.i.f.d.,doc J.Ótepbergenov, tańlawǵa qatnasıp atırǵan talabanǵa sáwbetlesiw qaǵıydaları hám tártipleri haqqında maǵlıwmat berdi hám áwmetler tiledi. Sońınan p.i.f.d.,doc J.Ótepbergenov, komissiya aǵzası e.i.k.,doc A.Abdullaevlar tálimde axborot-kommunikatsiya texnologiyalarınan paydalanıw, masofaviy tálimniń áhmiyeti, ilimiy izertlew jumısınıń obyekti hám predmeti, elektron tálim teoriyasına baylanısı izertlewler, sonday-aq dóretiwshilik isleri boyınsha sáwbet bolıp ótti. Talaban menen jeke sáwbet alıp barıldı.

1. Tolibaeva Gulchexra Nzamatdinovna berilgen sorawlarǵa jaqsı juwap berilgenligi, ilimiy-teoriyalıq pikirlerin anıq jetkerip bergenligi, onı mısallar arqalı dálillep bere alǵanlıǵı atap ótildi.

Bunnan soń komissiya baslıǵı, p.i.f.d.,doc J.Ótepbergenov juwmaqlawshı pikirlerin esittirdi. Juwmaǵında talaban Tolibaeva Gulchexra Nzamatdinovnaniń sorawlarǵa jaqsı juwap bergenligin inabatqa alıp, 13.00.06 – Elektron tálim teoriyası hám metodikası (tarawlar boyınsha) qánigeligi boyınsha óz betinshe izleniwshilikke qabıl etilgenligin aytıp ótti.

Kún tártibindegi másele boyınsha Bildiriw hám shıǵıp sóylewlerden soń

**Qarar etedi:**

1. Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı óz betinshe izleniwshilikke 2025-oqıw jılı ushın 13.00.06 – Elektron tálim teoriyası hám metodikası (tarawlar boyınsha) qánigeligi boyınsha óz hújjetlerin tapsırǵan talaban G.N.Tolibaeva sáwbetlesiw barısında óziniń teoriyalıq biliminiń hám ilimiy-dóretiwshilik qábiletiniń joqarılıǵın kórsetkenligi atap ótilsin;
2. NMPI Ilimiy bólimnen talaban sáwbetlesiwdi ótkergen komissiya quramı tárepinen talaban G.N.Tolibaeva 13.00.06 – Elektron tálim teoriyası hám metodikası (tarawlar boyınsha) qánigeligi boyınsha óz betinshe izleniwshilikke qabıllaw usınıs etilsin;
3. NMPI Ilimiy bóliminen bul usınıstıń orınlanıwı boyınsha qarar qabıl etiwi soralsın.

**Komissiya baslıǵı:** **p.i.f.d.,doc J.Ótepbergenov**

**Komissiya aǵzası:** **e.i.k.,doc A.Abdullaev**

**Xatker:** **p.i.f.d. (PhD) A.Qunnazarov**